# QARAQÓLShILIK TARMAǴÍN BUNNAN BÍLAY DA RAWAJLANDÍRÍW BOYÍNShA QOSÍMShA ILAJLAR HAQQÍNDA

Image not found or type unknown

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń

qararı

Búgingi kúnde mámleketimizde qarakólshilik tarmaǵı kárxanaların modernizaciyalaw, óndiris quwatlıqların texnikalıq hám texnologiyalıq jaqtan jańalaw, ózbek qarakól brendin jaratıw hám dúnya kóleminde úgit-násiyatlaw, tarawdıń investiciyalıq tartımlılıǵın arttırıw baǵdarında keń kólemli jumıslar ámelge asırılmaqta.

Sonıń menen birge, mayda shaqlı násilli qara mallardı kóbeytiw, sonday-aq, olardı soyıw, teri hám júnin qayta islew, gósh-sút ónimlerin, yarım tayar hám tayar ónimler  islep shıǵarıw kárxanaların shólkemlestiriw, tarmaqqa rawajlanǵan sırt ellerdiń tájiriybesin hám innovaciyalıq texnologiyalardı engiziw, suw menen támiyinlengen jaylawlarda jańa suw komlekslerin qurıw hám barların modernizaciyalaw baǵdarında bir qatar sistemalı mashqalalar  saqlanıp qalmaqta.

Sonday-aq, bar jaylawlardıń ónimdarlıǵın arttırıw, tuqımgershilik  maydanların keńeytiw, násilshilik  jumısların bunnan bılay da jetilistiriw, tarawda eksportqa jaramlı qarakól hám tıqır qarakól terisin jetistiriw jaǵdayı búgingi kúnniń talabına juwap bermeydi.

Joqarıdaǵılardı inabatqa alıp, qarakólshilik tarmaǵın mámleket tárepinen  qollap-quwatlaw, jaylawlardan nátiyjeli paydalanıw hám jaylawlardan paydalanıwda salıq jeńilliklerin qollanıw, tuqımgershilik jumısın jolǵa qoyıw, násilshilik jumısların jetilistiriwde  subsidiya  beriw tártibin qollanıw jáne tarawdıń ilimiy potencialın bunnan

bılay da bekkemlew maqsetinde:

1.Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi hám wálayatlardıń hákimlikleri 2021-jıl 1-martqa shekem qarakólshilik klasterleri tárepinen qoy hám eshkilerdi semirtip baǵıw komplekslerin shólkemlestiriw maqsetinde olarǵa awıl xojalıǵında paydalanılmay atırǵan suwǵarılatuǵın jerlerdi paydalanıwǵa kirgiziw shárti menen ot-jem jetistiriw ushın 1-qosımshaǵa muwapıq jer maydanları ajıratılıwın támiyinlensin.

2.Qarjı ministrligi qarakólshilik tarawın bunnan bılay da rawajlandırıw maqsetinde 2021-jıl 15-fevralǵa shekem Qarjı ministrliginiń waqtınsha bos turǵan qarjıları (Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjeti hám mámleketlik maqsetli qorlarınıń qarjıları, byudjetti qollap-quwatlaw ushın tartılatuǵın xalıqaralıq finans institutları hám sırt el húkimetlik finans shólkemleriniń kreditleri, suveren xalıqaralıq obligaciyalardı shıǵarıw hám nızam menen  qadaǵan etilmegen basqa da dárekler) esabınan 100 milliard sum qarjılardı «Turonbank» AKBǵa Oraylıq bank tiykarǵı stavkasında ajıratsın.

«Turon bank» AKB usı bántke tiykarlanıp ajıratılatuǵın qarjılardı Respublikalıq «Qarakólshilik» associaciyası (keyingi orınlarda – Associaciya) aǵzalarına 3 jıl múddetke shekem, sonıń ishinde, bir jıllıq jeńillikli dáwir menen Oraylıq banktiń tiykarǵı stavkasına 2 procentlik bank  marjasın qosıw arqalı esaplanatuǵın stavka boyınsha kredit sıpatında tómendegi maqsetlerge beriliwin támiyinlesin:

násilli qarakólshilik xojalıqlarınan qoylar satıp alıw;

qarakólshilik tarawında eksportqa jaramlı qarakól hám tıqır qarakól terisin qayta islew jáne tayar ónim islep shıǵarıw kárxanaların shólkemlestiriw;

qarakólshilik  subektleri tárepinen ot-jem cexları (granulyator) shólkemlestiriliwin jáne awıl xojalıǵı texnikaların hám agregatların, resurs únemlewshi úskeneler hám zamanagóy texnologiyalardıń satıp alınıwın qarjılandırıw;

suw shıǵarıw komplekslerin qurıw jáne barların ońlaw hám modernizaciyalaw.

Usı bántte názerde tutılǵan kreditler boyınsha  Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń

2020-jıl 2-sentyabrdegi «Ózbekstan Respublikasında pilleshilik hám qarakólshilikti bunnan bılay da  rawajlandırıw ilajları haqqında»ǵı PP-6059-sanlı pármanı 1-bántiniń jetinshi abzaqında belgilengen tártip tiykarında Isbilermenlik jumısın qollap-quwatlaw mámleketlik qorı qarjıları esabınan kompensaciya ajıratılatuǵını belgilensin.

3.Sonday tártip ornatılsın, oǵan bola:

2024-jıl 1-yanvarǵa shekem Pilleshilik hám qarakólshilikti rawajlandırıw komitetiniń (keyingi orınlarında – Komitet) turaqlı iyeligindegi jaylawlar jáne Toǵay xojalıǵı boyınsha mámleketlik komiteti tárepinen Komitetke ijaraǵa berilgen jaylawlar ushın belgilengen jer salıǵınıń stavkası 50 procentke azaytıladı;

násilli qoy hám eshkiniń, sonıń ishinde, hasıl tuqımlıqarakól  qoylarınıń sırt mámleketlerden import etilgen hár bir embrionına Ózbekstan Respublikasınıń respublikalıq byudjeti qarjıları esabınan 400 mıń sum muǵdarında subsidiya  beriledi;

2021-jıl 1-aprelden baslap Associaciya aǵzalarına ózleri tárepinen import etilgen qoy bas sanınıń 50 procentinen artpaǵan bólegin tiri hám shiyki gósh kórinisinde (SEJ TN boyınsha 0104 hám 0204 kodları)  eksport etiwge ruqsat etiledi,  onda eksport kontraktlarınıń monitoringi Komitet hám Associaciya tárepinen júrgiziledi.

4.Komitet Veterinariya hám sharwashılıqtı rawajlandırıw boyınsha mámleketlik komiteti, Investiciyalar hám sırtqı sawda ministrligi jáne Mámleketlik bajıxana komiteti menen birgelikte 2021-jıl 20-martqa shekem Associaciyaǵa aǵza bolǵan xojalıqlar tárepinen Ózbekstan Respublikası bajıxana shegarası arqalı qoy, onıń gósh hám ishki organları, iylengen yamasa qayta islengen qarakól terisiniń alıp shıǵılıwın monitoring etiw hám tiyisli mámleketlik uyımlar menen maǵlıwmat almasıw tártibin Ministrler Kabinetine kirgizsin.

5.Veterinariya hám sharwashılıqtı rawajlandırıw boyınsha mámleketlik komiteti «Ózstandart» agentligi hám Mámleketlik bajıxana komiteti menen birgelikte eksportqa baǵdarlanǵan tiri qoy hám olardan alınǵan gósh ónimlerin sırtqı bazarlarǵa shıǵarıwda xalıqaralıq standarlar hám talaplar tiykarında tiyisli hújjetlerdi sapalı tayarlaw, import etiwshi mámleketlerdiń talapların eksport etiwshi kárxanalarǵa jetkeriwdi támiyinlesin jáne eksport etiwde olarǵa hár tárepleme járdem bersin.

6.Komitet, Innovaciyalıq rawajlanıw ministrligi hám Associaciyanıń:

ilim hám óndiristiń bekkem integraciyasın támiyinlew, ilimiy hám  innovaciyalıq jumıstı nátiyjeli shólkemlestiriw, xalıqaralıq birge islesiwdi rawajlandırıw maqsetinde Qarakólshilik hám shól ekologiyası ilimiy-izertlew institutı strukturasında Oraylasqan ilimiy-násilshilik tájiriybe laboratoriyası (keyingi orınlarda – násilshilik laboratoriyası)n

shólkemlestiriw;

násilshilik laboratoriyasın Qarakólshilik hám shól ekologiyası ilimiy-izertlew institutınıń bos turǵan Samarqand wálayatı, Samarqand qalası, Mirza Uluǵbek kóshesi, 47-jay mánzilindegi imaratına ijara tóleminiń «nol»lik stavkası  tiykarında jaylastırıw haqqındaǵı usınısları maqullansın.

Násilshilik laboratoriyasınıń tiykarǵı wazıypaları etip tómendegiler belgilensin:

tarawda jergilikli hám sırt elli ilim jetiskenliklerin engiziw tiykarında tábiyǵıy ósip-óniwshilikke, joqarı ómirsheńlik hám beyimlesiw qásiyetine shaǵılıstırılǵan ónimli jańa qoy porodaların jaratıwdıń laboratoriyalıq tájiriybelerin alıp barıw;

násilli qarakól qoylarınıń sapa kórsetkishlerin (qoydıń salmaǵı, sanaatqa jaramlı jún, qarakól terisiniń ólshemi hám reńiniń tipi) jaqsılaw boyınsha tájiriybeler  ótkeriw hám usınıslar islep shıǵıw;

ilimiy-násishilik tájiriybe stanciyalarında joqarı násilli elita klasına tiyisli násilli qoylardıń otarların ilimiy tiykarda shólkemlestiriw hám jasalma násillendiriw jumısların sistemalı jolǵa qoyıw.

7.Mámleketlik geologiya hám mineral resurslar komiteti Komitettiń buyırtpalarına tiykarlanıp jaylawlarda jer astı suw dáreklerin anıqlaw hám juwmaq beriw biypul ámelge asırılatuǵının támiyinlesin.

8.Tashkent qalası hákimligi hám Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentliginiń Tashkent qalası, Shayxantahur rayonı, Furqat kóshesi, 1-jay mánzilinde jaylasqan imarattıń ekinshi hám úshinshi qabatına Associaciyanı biypul jaylastırıw haqqındaǵı usınısına kelisim berilsin.

9.Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ayırım qararlarına 2-qosımshaǵa muwapıq ózgerisler kirgizilsin.

10.Komitet eki ay múddette:

sırt mámleketlerden import etilgen násilli qoy hám eshkiniń, sonday-aq, qarakól hasıl tuqımlı qoylardıń hár bir embrionına Ózbekstan Respublikasınıń respublikalıq byudjeti qarjıları esabınan subsidiya beriw tártibin;

basqa mápdar ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte nızam hújjetlerine usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgerisler haqqındaǵı usınıstı Ministrler Kabinetine kirgizsin.

11.Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge juwapker jáne jeke juwapker etip Komitet baslıǵı B.Q.Sharipov belgilensin.

Qarardıń orınlanıwın hár sherekte dodalap barıw, orınlaw ushın juwapker uyımlardıń jumısın muwapıqlastırıw  hám qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı Sh.M.Ǵanievqa júklensin.

Ámelge asırılıp atırǵan ilajlardıń nátiyjeliligi boyınsha Ministrler Kabinetine hár yarım jıldıń juwmaǵı boyınsha málimleme kirgizip barılsın.

Ózbekstan Respublikası

Prezidenti   Sh.MIRZIYoEV

Tashkent qalası,

2021-jıl 9-fevral